# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDI XALIQ AWIZ EKI DÓRETPELERI TIYKARINDA TÁRBIYALAW.

*Qaraqalpaqstan Respublikası*

*Pedagogiklıq sheberlik orayı Mektepke shekemgi,*

*baslawısh hám arnawlı tálim metodıkaları kafedrası oqtıwshıshisi.*

***Eshimbetova Xatira Ergalievna***

**Annotatsiya:** Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı xalıq awızeki dóretiwshiligi tiykarında tárbiyalaw máselesi búgingi tálim-tárbiya procesinde áhmietli baǵdarlardan biri bolıp esaplanadı. Bul annotatsiyada xalıq ertekleri, naqıl-maqallar, jumbaqlar hám qosıqlardıń balalar tárbiyasındaǵı ornı hám áhmieti kórsetiledi. Xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgilerinde jámlengen milliy qádiriyatlar, ádep-ikramlılıq normaları hám turmıslıq tájiriybe balalardıń shaxs sıpatında qáliplesiwine unamlı tásir kórsetedi.

**Аннотация:** Вопрос воспитания детей дошкольного возраста на основе устного народного творчества является одним из актуальных направлений современного образовательного процесса. В данной аннотации освещены роль и значение народных сказок, пословиц, загадок и песен в воспитании детей. Национальные ценности, нравственные нормы и жизненный опыт, воплощенные в образцах устного народного творчества, оказывают положительное влияние на формирование детей как личности.

**Abstract:** The issue of educating preschool children based on folklore is one of the most pressing directions in the modern educational process. This annotation highlights the role and significance of folk tales, proverbs, riddles, and songs in the upbringing of children. National values, moral norms, and life experiences embodied in examples of oral folk art have a positive impact on the formation of children as individuals..

**Gilt sózler:**. xalıq awızeki dóretiwshiligi, ertekler, naqıl-maqallar, jumbaqlar, milliy qádiriyatlar, mektepke shekemgi bilimlendiriw, ádep-ikramlılıq tárbiya, sóylewdiń rawajlanıwı, balalardıń oy-pikiri, sociallıq kónlikpeler, ruwxıy jetilisiw, tásirli oqıw, rolli oyınlar, saxnalastırıw, tárbiyalıq process..

**Ключевые слова:** устное народное творчество, сказки, пословицы, загадки, национальные ценности, дошкольное образование, нравственное воспитание, развитие речи, детское мышление, социальные навыки, духовное совершенствование, выразительное чтение, ролевые игры, постановка, воспитательный процесс.

**Keywords:** folklore, fairy tales, proverbs, riddles, national values, preschool education, moral education, speech development, children's thinking, social skills, spiritual maturity, expressive reading, role-playing games, staging, educational process.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde balalardıń til baylıǵın ósiriw, ses hám sózlerdi anıq, durıs, túsinikli etip aytıw kónlikpesin payda etiw ushın sóylew tilin ósiriw baǵdarında bir qansha jumıslar alıp barıladı. Bunda ásirese hár qıylı háreketli oyınlardan paydalanıw, súwretlerden, oyınshıqlardan paydalanıw áhmiyetli sanalsa, ekinshi tárepten xalıq awızeki ádebiyatındaǵı balalarǵa arnalǵan úlgilerdiń ornı ayrıqsha esaplanadı. Biraq, balalar ádebiyatınıń ózine tán eń baslı ózgeshelikleriniń biri, pedagogikalıq, psixologiyalıq jaqtan balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıwı bolıp tabıladı.

**Mektepke shekemgi balalar ádebiyatı.**

Bul dáwirdegi balalarǵa tiykarınan xalıq awızeki ádebiyatınıń ertek, qosıq, jańıltpash, jumbaq, naqıl-maqal sıyaqlı túrlerin oqıp, aytıp bergen maqul boladı. Olar bul shıǵarmalardı tıńlay alatuǵın baqsha jasındaǵı balalar bolǵanlıqtan tárbiyashılar tárepinen qızıqlı syujetli qurılǵan haywanatlar haqqındaǵı, yamasa tábiyattı súyiwge baǵdarlaytuǵın erteklerdi oqıp yaki aytıp bergen durıs boladı. Bul arqalı balalar haywanatlar dúnyası,

tábiyat qubılısları haqqında túsinikke iye bolıp, tásirleniw sezimleri payda boladı. Xalıq awızeki ádebiyatında bunday ertekler kóplep tabıladı. Mısalı, «Ańqaw ǵarrı», «Jolbarıs, qasqır, túlki», «Aldanǵan bóri» hám taǵı basqalar.

Bul dáwirde balalarǵa «Bólingendi bóri jer», «Miynet túbi- ráhat», «Oqıǵan ozar, oqımaǵan tozar» sıyaqlı bir neshe naqıl-maqallardı yadlatıp, aytıp berip, mazmunı túsindirip berilse tárbiyalıq áhmiyeti kúshli boladı.

Mektepke shekemgi balalardıń dógeregindegi zatlarǵa, qubılıslarǵa degen qızıǵıwshılıǵı, hámme nárseni biliwge bolǵan qushtarlıǵı kúshli bolǵanlıqtan, olarǵa kitaplar oqıp, aytıp berilgende «Mınaw ne?», «Nege olay?» hám taǵı basa sorawlar kóp boladı. Bul sorawlarǵa juwap ayaqsız qaldırılmay jalıqpastan túsindiriliwi kerek. Orınlı qaytarılǵan juwaplar balalardıń oy-órisin, sanasın rawajlandırıp, elede úyreniwge, biliwge qushtarlıǵın oyatadı. Balalar ádebiyatındaǵı hár qıylı mazmundaǵı shıǵarmalarda súwretlenetuǵın taw-toǵaylar, atızlar, baǵlar, jıl máwsimleri, haywanlar, ósimlikler, adamlardıń tirishiligi, zatlar, hár túrli texnikalıq qurallar, waqıt belgileri, alıs-jaqınlıq, keńlik-uzınlıq hám t.b. hámmesi áste-aqırınlıq penen óz waqtında túsindirip barılsa, nátiyjesi jaqsı boladı.

Balalar ádebiyatınıń xalıq awız eki úlgilerinen biri esaplanǵan mına qatarlarda kórsek boladı:

Bas barmaq,
Balan úyrek,
Ortan terek,
Shúldir shúmek,
Kishkene ǵana bóbek.

Bul qatarlar balanı birinshiden esap-sanaqqa úyretse, ekinshiden, adam múshesiniń biri barmaqlar arqalı oy-órisi elede tereńlesedi. Barmaqlardıń birdey emesligi, úlken-kishiligine qaray olarǵa sáykes at qoyıw menen túsinik dúnyası elede keńeyedi. Dáslep bas barmaqtı biliwi, soń ekinshi barmaqtı úyrekke uqsatıp, al úshinshi barmaqtı uzın bolǵanlıqtan ortada turǵan terekke uqsatsa, tórtinshi barmaqtı balanıń besiginde paydalanatuǵın shúmekke, al eń kishi, besinshi barmaqtı bóbekke uqsatıwı turmıs

shınlıǵına jaqınlaydı hám bul balalardıń pikirin keńeytedi. Bul qısqa mánili qatarlardıń ózinen bala barmaqtı, úyrekti, terekti, shúmekti, bóbekti tanıp biledi. Bunday qısqa mánili kórkem qatarlı úlgilerdi awız ei dóretpelerde kóplep ushıratamız. Mısalı, balalardıń oyınsız er jetiwi múmkin emes. Oyın balalrdıń fizikalıq jaqtan hám ruwxıy jaqtan rawajlanıwında eń áhmiyetli orın tutadı. Jasırınbaq oyınında balalar tárepinen aytılatuǵın qısqa mánili qosıq qatarlarına qurılǵan úlgiler júdá kóplep dóretilgen. Mısalı:

Áwelemen-dúwelemen,
Salqan iyttiń sanı menen,
Qara qoydıń qanı menen
- Áwez molla qayda ketti?
- Dúzǵe ketti!
- Qashan keler?
- Jaz keler.
Jaz kelmese,
Gúz keler,
Pállempish,
Oyǵa tús.
Sen tur,
Sen shıq!

Bul oyındı balalar úlken qızıǵıwshılıq penen oynaydı. Balalar dóńgelenip otırıp, ortaǵa ayaqların shıǵarıp oyınǵa qosadı. «Sen shıq» degen sózge tuwra kelgen balanıń ayaǵı oyınnan shıǵıp utılǵan esaplanadı, al, eń sońında bir ayaq oyınnan shıqpay qalsa sol bala oyında utqan boladı. Sonday-aq balalardıń úy haywanların hám quslardı jaqsı tanıwı, olardı ózlerine dos tutınıp jaqsı niyetlerin bildiriwi mına qatarlarda da aytılǵan. Mısalı:

Ayın-ǵayın gúbelek,
Qulaǵımnıń suwın tók, yamasa,
Qoy bol, qoshqar bol,
Qoram taǵı qoyǵa tol.

Mine, bul qatarlarda «gúbelek» sózi «tók» sózine uyqas ushın alıngan. Al, keyingi eki qatarda jaqsı niyet, jaqsı úmit bar. Birishi qatardağı qosıqta balalar jaqsı kóretuğın gúbelek tańlap alıngan hám onnan járdem soraw bar. Al, keyingi qatarda qozılardıń qoy, qoshqar bolıp kóbeyip, qoranıń jáne qoyǵa tolıwın niyet etedi. Bul qosıq qatarları balalardıń keleshekte jaqsı insanlar bolıp jetilisiwinde áhmiyetli orın tutadı.

Bul oyın qosıqları 2jastan 7 jasqa shekemgi balalar ushın arnalıp, qısqa hám qızıqlı bolǵanlıqtan balalardıń yadlap alıp aytıwına, dúnya tanıwının keńeyiwine, qorshaǵan ortalıqtı jaqsı biliwine unamlı tásir jasaydı.

Ásirese mektepke shekemgi balalarǵa arnalǵan qosıqlardıń ishinde «Túlkishek» qosıǵı belgili orın tutadı. Qálegen bala mektep partasınan atlamay turıp bul qosıqtı yadlap taqmaqlap aytıwdı jaqsı ózlestiredi. Qosıqtaǵı bala menen túlkishek ortasındaǵı soraw-juwaplar oǵada qızıqlı berilip, balalardı tapqırlıqqa, shaqqanlıqqa hám házir juwaplılıqqa tárbiyalap otıradı.

**Kishi mektep jasındaǵı balalar ádebiyatı.**

Bul dáwirdegi balalar ushın jazılǵan kórkem shıǵarmalar 7 jastan 11-12 jasqa shekemgi mektep oqıwshılarına arnap jazıladı. Olar mektepke shekemgi balalardan jazıw, sızıw, oqıw kónlikpesin iyelegenligi hám oylaw, pikirlew dúnyasınıń keńligi menen ayrılıp turadı. Sebebi, mektepke shekemgi jastaǵı balalar ózlerin qorshaǵan ortalıqtı, qubılıslar menen zatlardı hám kórkem shıǵarmalardı ata-anası, yaki baqsha tárbiyashılarınıń oqıp, aytıp bergenlerinen tıńlap, esitip bilse, kishi mektep jasındaǵı balalar muǵallimnen tálim-tárbiya aladı. Olar úlkenler menen aralasıp júrip, kóp zatlardıń mánisin biliwge umtıladı. Jáne kórkem shıǵarmalardı ózleri oqıp túsine baslaydı. Bul olarǵa zawıq baǵıshlaydı, isenim hám intanı keltirip shıǵaradı.

Qaysı bir xalıqtıń bolmasın ádebi miyrasına,tariyxıy esteliklerine názer taslasaq,hátte oyınlarına dıqqat awdarıp oy juwırtsaq,jaslarǵa tálim-tárbiya beriw máselesi birinshi orında turatuǵınlıǵın ańǵaramız.Bul ásirese xalıqtıń naqıl-maqalları menen jumbaqlarında,qosıqları menen erteklerinde,ápsanaları menen dástanlarında ayqın kórinedi. Awız eki xalıq dóretpeleri bala tárbiyasın shólkemlestiriwge oǵada qunlı ǵáziyne sıpatında xızmet etetuǵın biybaha xalıq pedagogikası úlgileri bolıp tabıladı.Awız eki xalıq

dóretpeleri jas óspirimlerge qonımlı hám túsinikli bolıp, balalar onı tez ózlestirip,úyrenip hám túsinip aladı. Sebebi, olarda xalıqtıń ármanları, úmit hám tilekleri,turmısı hám tirishiligi ápiwayı hám qızıqlı etip súwretlenedi.Sonıń menen birge olarda súwretlengen waqıyalar menen hádiyseler kúndelikli turmıstada jiyi ushırasadı.

Awız eki xalıq dóretpeleri arqalı tárbiyalanǵan bala ózin qorshaǵan dúniya hám turmıs shınlıǵın durıs túsiniwge úyrenedi. Balalar folklorlıq shıǵırmalar úlken quwanısh hám lázzet baǵıshlaydı, olarda qosıq, taqmaq, ertek, jumbaq, naqıl-maqal, jańıltpash hám sanamalardı aytıp úyretiw talabın oyatadı.Awız eki xalıq dóretpeleri shıǵarmaları mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tálim-tarbiya jumısları tájiriybesine bekkem ornalasıp barmaqta. Tilekke qarsı geybir mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde bul qunlı materiyaldan durıslap sheberlik penen paydalanıp,awız eki xalıq dóretpeleri shıǵarmalarınıń mazmunın balalardıń sana sezimine jetkerip barıw isine áhmiyet bermeytuǵın tárbiyashılarda ushırasıp qaladı. Olar bul shıǵarmalardıń balalardıń sózlik xorın bayıtıwda hám obrazlı,kórkem sóylemelerdi paydalanıp sóylewde atqaratuǵın rolin,estetikalıq sezim hám ádep-ikramlılıq qásiyetlerin tárbiyalaytuǵın tiyisli dárejede bahalamaydı. Xalıq perzenti óz isin dawamlawshı,hadal,óz keleshegi dep esaplanǵanlıqtan,onı álpeshlep, jaqsılap tárbiyalawǵa umtılǵan.Bularǵa óziniń aqıl-násiyatın,júrek sózlerin arnaǵan xalıq óz qosıqların kishkeneler dúniyasına qolaylastırıp dóretken. Balalar qosıqları kewilge tolı bolıp keledı, ásirese olardıń tez túsiniwine qolaylı. Sonlıqtan ol balalardıń tez yadlawına qolaylı. Bul qubılıslar xalıq pedagogikasında balardń ózin ózi tárbiyaalawına zor tásir kórsetken.

Balalar qosıqların óziniń maqset etken tárbiyalıq mazmunına qaray bir neshe túrlerge bóliwge boladı. Ásirese taqmaq,oyın-zawıq  qosıqları menen ótirik qosıqlar tárbiya máselesinde ayrıqsha názer awdaradı.Taqmaqtı aytqanda balalar anıq etip tamamlap sóyleydi. Qosıqtıń hár qatarı tásirli ırǵaq penen atqarıladı. Bunda balalardıń sózdi anıq,tolıq sóylewi hám sózdegi pikirlerdiń mánisine qaray dawıs tolqının durıs sazlanıwı gáp, sózdi ornına aytıw dıqqatta boladı.

-Háy,túlkishek,túlkishek,

-Túnde qayda barasań.

-Mamamnıń úyine baraman,

-Mamań saǵan ne berer.

-Eshki sawıp sút berer.

-Eshkisiniń súti joq.

-Ilaǵımń putı joq.

-Taram-taram et berer,

-Om qayda qoyasań,

-Tal túbine qoyaman,

-Iyt alıp ketse ne qılasań,

-Iyt awzınan alaman,

-Batıy xanǵa baraman.

-Batıy xanmń nesi bar,

-Ushar-ushar qusı bar.

-Ushıp ketti hawaǵa,

- Qaytıp tústi dáriyaǵa,
-Dáriya suwın qurıttı
-Aq shabaǵın shiritti.
-Eki baydıń jurtında,
-Eki tıshqan urıstı .
-Saqal-murtın julıstı.

Usı «Túlkishek» qosıǵı taqmaq retinde xalıq ishinde keń tarqalǵanlıqtan, bilmeytuǵın,yadqa aytpaytuǵın bala siyrek ushırasqan.Bul qosıq arqalı balalar keń oylawǵa,házir juwaplılıqqa,tapqırlıqqa úyretiledi .

Balalardı xalıq awız eki dáretpeleri menen tanıstırıwda tárbiyashınıń aldında bir neshe wazıypalar turadı.Xalıq awız-eki dóretpeleri balalarǵa aqılıy, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq tárbiya beriwde, sóylewdi hár tárepleme rawajlandırıwda hám bayıtıwda úlken tásir etiwshi qural bolıp esaplanadı.Awız eki dóretpeler balalarǵa jámiyet turmısın hám tábiyatın, insanlar dúńyasınıń ishki sezimlerin hám óz-ara múnásibetlerin balalarǵa tolıq ashıp beredi, túsindiredi. Ol balalardıń sezimlerin rawajlandıradı, qıyaldı tárbiyalawdı hám ózbek,qaraqalpaq ádebiyatınıń eń jaqsı úlgileri menen tanıstıradı. Bul úlgiler óziniń tásiri tárepinen de hár qıylı: gúrriń arqalı balalar sózlerdiń anıqlıǵın, mánislerin ańlap aladı; qosıqlardan bolsa olardıń muzıkaların, aytılǵanlıǵın bilip aladı, xalıq ertekleri balalarǵa tildiń sáwlelengenligin, mazmunın ashıp beredi, sóylewdiń hár túrliligin, házil-dálkekke baylıǵın balalardıń kóz aldında payda etedi.Xalıq awız eki dóretpeleri balalarǵa insanlardıń turmısı hám miynetleri, isleri hám qaharamanlıqları,ertedegi ata-babalarımızdıń úrip-ádetleri, oyınları, miynetleri haqqında túsinik beredi. Xalıq awız-eki dóretpeleri balalarǵa ómirdi túsiniwdi hám sol arqalı bala turmıslıq tájiriybesiniń artıp barıwına tásir etedi.Xalıq awız-eki dóretpeleri insanlardıń ishki dúńyasın, olardıń sezimlerin, xarakterin ashıp beriwi menen balalardı albıramawǵa, qaharmanlardıń is-háreketlerin bahalawǵa hám onı analiz etiwge úyretedi.Xalıq awız eki dóretpelerdiń eń jaqsı úlgileri balalarda ádep-ikramlıq sıpatların payda etiwge: jaqsı-jaman, haq-nahaq, ras-ótirik hám taǵı basqa sózlerdiń mánisin túsinip alıwǵa járdem beredi.Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyashısınıń aldında hár bir xalıq awız eki dóretpelerin balalar sanasına jetkeriw, onıń mazmunın ashıp beriw, kórkem shıǵarmada qatnasıwshı personajlarǵa emotsional` múnásibetinde bolıw, shıǵarmada qatnasıwshı qaharmanlarǵa salıstırǵanda óz múnásibetlerin sáwlelendiriwge úyretiw sıyaqlı quramalı wazıypalar turadı. Bul wazıypalardı ámelge asırıw ushın tárbiyashınıń ózi, balalardı xalıq awız eki dóretpeleri menen tanıstırıwdan aldın, onı seziw hám túsiniwi, mazmunın analiz ete alıwı zárúr. Sonday-aq, pedogog oqıw hám gúrriń etip beriw texnikasın, yaǵnıy anıq diktsiyanı, kórkem oqıw quralların (logikalıq pátti durıs qoya alıwı, pauza, dawıs tonı hám tempi) iyelegen bolıwı kerek.

Qaraqalpaq xalıq pedagogikasında «R», «Q», «G»seslerine quralǵan jańıltpash úlgileriniń tómendegidey túrlerinde ushırasadı.

Qırda qırıq qırǵawıl,

Qırıq qırǵawıl ishinde,

Qırıq jıl qısır qalǵan,

Qızıl,qıl,quyrıqlı qırǵawıl yamasa

Esiktıń aldı qapa biraz,

Qarabaraqtıń  arjaǵı,Qarabaraq,

Hámme qara qasqa baspaǵın

Qarabaraqlandırmaǵa aparatır,

Men de qara qasqa qasqa basqaǵımdı,

Qarabaraqlandırmaǵa aparatırman,

Bul mısallarda «R» sesi aktiv qollanılıp, «Q», «G» seslerinde bala tiliniń jatlıǵı ushın qosımsha qosarlanıp keledi.Egerde bala «Jańıltpash qatarlarındaǵı «Q», «R», «G» sweslerin tez,shaqqan,anıq ayta almasa,ol shúljiń dep ataladı.Bala bul jaman atqa ilinbew ushın gúresip,jańıltpashtı jańılmay orınlaydı.   Mısalı :

Qaladan alǵamm altı arba asqabaq,

Altı asqabaqqa jekkenim,

Tarǵıl ala taypaq múyiz,

Aq bókse baspaq, aq bókse baspaq.

Janlı hám jansız tábiyattaǵı qubılıslarǵa oy jiberiw pikir júritiw jasırıngan hár túrlı sırlardı ashıw,  qoyılǵan sorawǵa dál juwap tabıw boyınsha balalardı álwan-álwan turmıs qubılısların oylap kóriwge qızıqtıradı. Bul oylawlar aqılın rawajlandırıwǵa tásir jasaydı, sezimin kóteredi.

Jumbaq degen sóz birikken ekı sózden quralıp «Jum-jasırıw», -«baq-qara» degen mánini ańlatadı. Jumılǵan jasırıngan zatqa qara usını izlep tap degendı bildiredi.

Jumbaqtıń juwabın tabıw ushın balalar oylaw menen azda bolsa hár qıylı zattı, adamdı, jerdı, aspandı, ósimlikler hám haywanat dúńyasın úy xojalıq buyımına salıstırıp olardı kóz aldınan birim-birim ótkerip ózine ishten dodalap jetı ólshep bir kesetuǵın

sheshimge ákeletuǵını  anıq. Usılar arqalı jumbaq balardıń aqıl oyın túsinigin keńeytip rawajlandırıwǵa tásir etedi.Jumbaqtıń wazıypası bunıń menen sheklenbeydi. Bul jumbaqlar balardıń oy-órisin ósiriwge tásir etse, ekinshı tárepten búgingı balalar ádebiyatına jana  janrlıq  túr alıp keledi.  Ushınshiden balardıń turmısı menen baylanıslı aytıladı.

Kózlerı bar dóńgelek.
Katar turar óńirde.
Kiymińdı qawsırıp,
Tońdırmaydı ómirde (sádep).

Ózı dánnen tuwılǵan
Belı bekkem buwılǵan
Úy ishinde  sıpırıq
Aldına túsip juwırǵan (sipse).

Hám taǵı basqa da zatlar balardıń oylaw uqıplılıǵınıń ósiwine, duńya  tanımınıń keńeyiwine óz tásirin jasaydı. Balalar usılar tiykarında  dúńyanıń hár qıylı quramalı ekenin túsinedi.

Balalar tárbiyasına jumbaqtıń paydaları qanday ekenine ser salsaq onda bul sırttan qaraǵanda balalardıń soraw-juwap túrindegı kúndelikli oyınınday kórinedı, al shınında onıń balalar dúńyasına keletuǵın paydasına názer salsaq onda balardıń ózlerı aytısqan onda jumbaqtan ózleriniń aqıl oyın sezimin pámin rawajlandırıp atırǵanın bayqaymız. Ekinshı jaǵınan balalar jumbaq arqalı ózleriniń qıyal súriwlerine de qıyalıy hádiyselerdı oylap tabıwına da keń múmkinshilikler aladı.Balalar ádebiyatında jumbaqlar usı jaǵınan da áhmiyetlı bolıp tabıladı. Jumbaqtıń taǵı  bir ózgesheligi-ol hár bir baladan tereńirek oylaydı talap ettiretuǵın janr túri. Jańıltpashlar ásirler dawamında xalıq tárepinen jıynaqlı,kórkem hám mzamunlı etip islenip,jıynalıp kelgen.

Adamǵa sók shópshettirmesin,
Sók shópshettirmese de

Kóp shópshettirmesin.

Bular tiykarınan xalıqtıń turmıs tirishiligine,kásiplerine baylanıslı dóreydi.Adamlar arasındaǵı múnásibet,qatnas,tálim-tárbiya haqqında da kóplegen jańıltpashlar bar.Olar balanıń tilin jatlıqtırıw menen bir qatarda jaslardı ádep-ikramlı bolıwǵa úyretedi.

Biziń tamnıń quyashlamasında,

Quyashlama sonda

Quyashlamalamasada,

Quyashlamalaspasaqta,

Quyashlamalasamız.

Xalıq awiz ekı ádebiyatındaǵı janrdıń bir túrı jańıltpashlar dórelgen. Jańıltpash balalardı durıs sóylewdı óz sesı menen durıs aytıwǵa tilin shınıqtırıwǵa til tamırların qaytımların rawajlandırıwǵa úyretedi. Sonlıqtan da jańıltpash fol`klorda ılayıqlı orın iyeleydi. Ol házirgı dáwirde de úlken áhmiyetke iye jańıltpashtı xalıq tek balalarǵa ǵana úyretip qoymastan onı xalıq otırıspalarda,geshteklerde de aytısıp kewil xoshlap kúlisip, sherlerin tarqatıp qosıq qatarların shatastırıp ústi-ústine usas espelenip izbe-iz tóqılıp keletuǵın sózlerden jańılǵan yamasa tilı aylanbay qalǵan jigittiń de qızdıń da ústinen házillesip kúlisken. Olardı dúzetiwge talaplangan.

Al ata-babalar bolsa balalarına jańıltpash aytıp berip olardıń aljasqan jerlerin qızıq kórip ózlerıde kewil kóterip kúlisken. Nátiyjede jańıltpash adamlardı kúldiriw til qaytımın rawajlandırıw ǵana emes, al oylawǵa oylanıp aljaspay sóylewge qosıq qatarların buzbay yadlawǵa hám esitkenin umıtpaytuǵin qatıqulaq bolıwǵa tárbiyalaytuǵın fol`klorlıq shıǵarma.

Balardıń tilı jas waqtınan rawajlana úlkeygende onıń tilı shúljiń bolmaydi.Eseygende adamlardıń oylawı menen sóylewı teńdey bir-birı menen birlikte xizmet atqaradı. Tutlıqpa bolmaydı. Erkelep ósip eseygenshe «R» sesin «iy» yamasa «il» sesı menen shatılıstıradı.Tildiń shúljiń bolıp ádetlenip ketpewiniń aldın aladı.

Xalıq sonlıqtan da jańıltpash aytıp balalardı jas waqtınan-aq xalıq  usılı arqalı durıs sóyletken.

Jańıltpashlar balalardıń sóylew tilin shınıqtırıw ushın islegen xalıq pedagogikasındağı tásirsheń usıllardan biri. Ol tek tildi jatlıqtırıw menen sheklenbey,tez túsinip yadlap alıw boyınsha kónlikpelerde beredi. Bala tilin jatlıqtırıwı ushın onı júljiń bolıwdan saqlandırıwı menen birgelikte xalıq leksikasınıń sózlik fondın úyretedi,sóz baylıgın kúsheytedi. Usı jańıltpashlar arqalı jas áwlad jámiyetlik qubılıslardı tanıwğa, tábiyattı súyiwge, oylanıp sóylewge, sózdi anıq, naqpa-naq jağımlı, ótkir aytıwğa qáliplesedi.

Qaraqalpaq xalıq naqılları hám maqallarında ádebiyatshı ilimpazlardıń tastıyıqlawı boyınsha tematika oğada keń. Onda el xalıqtiń birligi, miynet etiw hám ómir súriw, sóz úyreniw hám bilim alıw haqıyqatshıl bolıw, qayırqom hám miyrimlı bolıw, adamgershilikli, qásiyetlı bolıw, den-sawlıqtı saqlaw, bir-birew menen óz-ara qatnas jasaw, watandı súyiw, márt, batir bolıw, tárbiya, tazalıq, tábiyat qubılısları hám basqada turmıs tirishlikleri haqqında jıynalğan danıshpanlıq jağdayları bar.

Sonlıqtan naqıl hám maqallardıń mazmunı oğada tereń boladı.Sózlerı qonımlı, ushqır, yadta saqlawğa jeńil boladı. Olar balardıń keleshegine násiyat beriwde, joqarı adamgershilik ruwxta tárbiyalaw protsessinde balalar ádebiyatında ayrıqsha orındı iyeleydi, degenimizdiń mánisıde usınnan ibarat. Bala sóylewin qáliplestiriwdiń tiykarğı genetik wazıypası–balalarda úlken adamlar menen qarim-qatnas jasaw qábiletin hám qurallarin payda etiwden ibarat.

Emacional-erkin qatnas usı jasta jetekshıiskerlik túrı esaplanadi. Bala 2-2.5 ayliğinan baslap háreketlerıúlkenlerden ózımenen qatnasqa kirisiwdı“talap ete” baslaydi.

Qarim-qatnastiń birinshıformasi-sezimlerı erkin bolıp, balanıń atirartağilarğa salistirğanda qiziğiwı onıń sezimlerge bay múnásebetı arqalı sáwlelenedi.Qarim-qatrnastiń bunday forması bala ómiriniń birinshı yarım jıllıǵına tán.Qarim-qatnastiń jánede rawajlanğan ekinshı forması– yağnıy, sezimlı quralları formaları bala ómiriniń ekinshı yarım jılliğında júz beredi. Bul qatnas predmetler arqalı qurallarğa aylandiriladi. Usı jasta balanıń qiziğiwshiliqları qorshağan ortaliqqa bağdarlanadi. Onda jańadan tásirlenetuğin waqiyalarğa itiyaj payda boladi.Bul jasta sóylewdıqalıplestiriwdiń hám rawajlandırıwdiń tiykarğIwazıypalarısipatinda tómendegilerdı kórsetiw múmkin:

-balada úlkenlerge emocional baylanistıhám isenim sezimin tárbiyalaw;

-onıń ózine qaraǵanda átiraptaǵilardiń jaqsıdıqqat-itibardıbolıwin talap qılıwdi;

- Balalardıń qiziǵiwshiliqlarin rawajlandırıwǵa kómeklesiw.

Máselen: «Kitaplariń qáne? Qálemlerińdı kórset! Kim keldi? Atań qashan keledi? "Usi dáwirde balalar úlkenlerdiń járdeminde nárse-buyimlardan paydalaniw usıllarin úyrenedı (qálemde súwret soǵiw). Nárse –buyimlardan paydalaniw talabi balalarda sóylew qatnasin talap etedi. Dáslepki jasinan-aq bala aldında turǵan tiykarǵı wazıypa nárselerden paydalaniw usıllarin ózlestiriw tiykarinda sóylewdi iyelewden ibarat boladi.

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR**


1. ÓzbekstanRespublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtin 2017-jıl 7-fevral Ozbekistan Respublikasin rawajlandirirw boyinsha Hareketler strategiyasi.
2. ÓzbekstanRespublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtin "Maktabgacha talim tizimini yanada takomillishtirish chora tadbirlari tógrisida" PQ-2707-sonli qarori
3.ÓzbekstanRespublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtin "Maktabgacha talim Vazirligi faoliyatini takomillashtirish tógrisidagi 2017-jıl 30-sentyabrdegi PQ-3305-sanli qarari
4.Xasanbaeva O.U. vaboshq. Maktabgachatálimpedagogikasi. T.: İlmziyo. 2006.
5.L.V.Kucakova. «Konstruktirovanie i ruchnoy trud v detskom sadu». M.: «Prosveshenie».1990.
6.Dáslepki hám mektepke shekemgi jastaǵı qoyılatuǵın mámleketlik talaplar.2018.
7.Ilkkadam dástúri.2018.
8.Jetilistirilgenbalajan dástúri.2018.
9.R.Xasanov, X.Egamov «Tasviriysańatdarslari» «Óqituvchi».T.: 1995.